



PWOTEKSYON SOSYAL

Búscanos como sjmchile:



KISA SISTÈM PWOTEKSYON SOSYAL NAN CHILI AN YE?

Sistèm Pwoteksyon Sosyal nan Chili an se yon modèl de jesyon pou apwiye poblasyon sosyoekonomik vilnerab nan aksè a meyè kondisyon lavi pa mwayen de diferant pwogram ak sibvansyon ki apwiye devlopman sosyal de moun ki abite nan Chili.

Plis enfòmasyon <http://www.desarrollosocialyfamilia.gob.cl/>

KÒMAN MWEN KAPAB GEN AKSÈ AK SISTÈM PWOTEKSYON SOSYAL NAN CHILI?

Pou kapab gen aksè ak sistèm pwoteksyon sosyal la ou dwe enskri nan Rejis Sosyal Kay yo, li se yon sistèm kote yo seleksyone benefisyè yo de divès pwogram oswa sibvansyon sosyal de kay, sante, edikasyon epi lòt benefis ke ou kapab konnen isit la: <http://www.registrosocial.gob.cl/beneficios-sociales#top>

Tout moun ki ap viv nan Chili epi genyen yon RUN (Nimewo Idantifikasyon) oswa kanè valid yo kapab enskri nan RSH (Rejis Sosyal Kay yo).

Lè w' enskri, a travè enfòmasyon ke w'ap bay nan sistèm epi enfòmasyon ke leta genyen chilyen sou ou ak fanmi, Leta ap asigne yon klasifikasyon sosyoekonomik ki lokalize nan chak kay nan yon tram 1 se kay de mwens salè ak tram 7 salè majè.



Plis enfòmasyon
<http://www.registrosocial.gob.cl>

KÒMAN MWEN KA ENSKRI NAN REJIS SOSYAL KAY LA?

Pou enskri nan Rejis Sosyal Kay ou kapab fè li dirèkteman nan biwo Estratifikasyon Sosyal nan Meri ou a oswa fè li sou entènèt ak Kòd Inik. Lè pwosesis enskripsyon Rejis Sosyal la fini y'ap ba ou yon dokiman ki rele **"Cartola Hogar"** sa se dokiman ki enfòme ak mete klè done yo antre nan Rejis Sosyal Kay yo.

KISA KÒD INIK LA YE?

Kòd Inik se yon modpas ke ou chwazi pou idantifye tèt ou nan tout sèvis Leta yo. A travè sistèm lan ou kapab fè yon gran kantite pwosesis sou liy lan rapip epi pèsònèl. Sistèm enfòmasyon sa ou jwenn li nan Ministè Rejis Sivil ak Idantifikasyon.

Obtén tu ClaveÚnica

Nan nenpòt biwo Rejis Sivil oswa an liy sou paj web sa.

<https://www.registrocivil.cl/principal/canal-tramites/clave-unica>

BONIS EMÈJENNSI COVID-19

Youn nan mezi ke gouvènman pran pou fè fas ak emèjennsi sanitè nan moman sa a se kreyasyon bonis Covid-19 de \$50.000 pou apwiye fanmi ki nan tram 1 jiska 3 selon Regis Sosyal de Kay yo, fanmi ki resevwa sibvansyon oswa fanmi ki nan sistèm Sekirite ak Opòtinite yo.

Ou pa dwe postile ak bonis sa men ou dwe asire ke enskri nan nòm ki kreye pou sa.

Bonis \$50.000 a ap depoze dirèkteman sou kont Rut BancoEstado moun ki benefisye yo.
Revize paj sa si ou benefisye.

<https://www.bonocovid.cl/index.html>

Búscanos como sjmchile:

